- Уэ уи унэцIэм зыгуэрхэр пагъэувэн яфIэфщ. Псалъэм папщIэ, Битов-«недобгтый»... Совет хэм я тетыгъэм щыгъуэ уи тхыгъэхэм щыщ гуэрхэр кьыдамыгъэкIыу щытащ, сызэрыщыгъуаззэмкIэ, еджапIэ нэхъыщхьэми укьыщIащ. 1956 гъэм Венгрием зыкьыщызыIэтахэм ди дзэр зэрырауатIыщамкIэ умыарэзыуэ, Ленинград щыIэ Горнэ институтым ущеджам и пщIантIэм уи тхыгъэ зэрыт сборникыр зэрыщыбгъэсам кьыхэкIыну. Дауэ уеплърэ, «джьыуэным» и зэманыр блэкIа?

- Хьэуэ. Уеблэмэ нэхъ кьарур ягъуэтащ. И теплъэри нэгъуэщIщ: иджы кьэрал кьулыкъущIэхэм эрагъэсащ тхылъымпIэншэу псалъэу, бзэхэр ящIэ, фортепьянэ йоуэ...

- Уи ныбжьым итхэр яэхъурджауэ, япэм хуэдэж иджы жаIэри, БлэкIам кьыхэна уигу кьеуэн гуэр?

- Совет лъэхъэнэр, дэ, тхэгъэм джежI, сыткIэ зэрыфIар? Ди япэкIэ щыIам зыри зэрыхэмыщIыкIамкIэщ. Абы кьыгущIегъэхьурт лъагъуэр хэзышыр дэрауэ. Иджнепсту псори богъуэт, абы щыгъуэми сыт хуэдизт щэхуу кьалытэу гъунэгъуу узыбгъэдамыгъэхьэр. Тхылъ ямыдэр зэрыпхъумэм, тхакIуэ хьэрэм ящIам я IэдакъщIэкI узэреджэм щхьэкIэ гъагъэтIысыфынут. Нобэ-щэ? ТхыгъэфIыр - ар зэззмыцэххэ фIэкI узыхуэмыцэжщ. Спортым псори щынэрылытагъуз: сантиметр ныкIыжькIэ нэхъ лъагэу уудгъльея, килограмм ныкIыжькIэ нэхъыбэ кьэпIэта - арагъ утекIуэн щхьэкIэ узыхуейр. Литературэр нэгъуэщIщ. Чехуэхьну тынши, зыкъэпIэтыгъэжьну кьыззрымыкIуэу гугъуэщ. ЩыIэн хуейт цIыху литературэм и пщIапэр кьаГъэльагъуэу. Ауэ апхуэдэ цIыхухэм зыри хуейкъым, я нэм кьыщIоуэ. НобэкIэ ятхэм «а пщалъэр» кьыхэсбгъэзэну гугъущ.

ГъэщIэгъэщ, ауэ Совет властым щыгъуэ кьыдэкIхэр, идеологием хуит кьыщгум кьинэ тхылъыфIхэт. Псалъэм папщIэ, Гайдар Аркадий итхахэм щыщ гуэрхэр напэншагъэщ. Кьапщтэмэ, «Судьба барабанщика» зыфIищар. Ауэ фIыуэ итхакъэ? ГъэщIагъэнкъэ, гуитIщхьитI узыщIкIэ ар?

- Уэ пщIэуэ кьыщIэкIынщ уи прозэр гугъуу, элитарнэ зэрыжаIэр. Гъуэзджэр щыхубгъэр элитэмрэ теухуауэ уэри бгуэшр?

- Шекспир и пьесэхэм кьытращIыкI спектаклхэр кьалэ утхэм щагъэльапъэгъуэу щытащ. Абы кьикIр ар дэтхэнэ зыми кьыгурыIуэу, бзэм хуэгъэзащ? Гъуэзджэр - и купщIэкIэ элитарнэщ.

Iуэхур зытетыр мыращ: цIыхубзм эздащтауэ жыхуаIэм зыри тепщIыкъ хьунукъым, апхуэдабзэщ рейтингри. УщIэтхэнэр тхылъкIэ зи зэш тезыгъэуракъым, атIэ зыщIыхьуэжьну, зызыхьуэжьну куейм щхьэкIэщ. Апхуэдэм и псалъэращ, тхыгъэр кьызэрыщыхьэаращ тхыдэр зышIэр абы щыгъуаззэщи. Дэ кьызыщIэтхъуэжьи, кьэтщIыхуэн хуейр апхуэдизкIэ куэдщи, дыдыкIэм щIызыткIэрытщIэн щхьэхуэсытгъуэ дызэрымыIэр хэт джежIи гурыIэгъуэщ. Араща абы теухауэ зэжIэ кIэщу жытIэнур.

Андрей и зы интервьюм щыжеIэ СССР-р щыщцIам кьэралыгъуэшхуэр кьызэхихIуэхьну, псом хуэмыдэу нэхъ щIыпIэ хуабэхэм щыIэну фIэфIу зэрыщытар. Кьыхегъэщ абы и пшыкъуэкIэ Курржым пищI зэрыщымыIэр.

Журналистыр абы и щхьэусыгъуэм щыщIэупщIэм, Битовым жиIащ Кавказым и гур щыщыщIэм и щэхур жьыжьэ кьызэрыщежьэр. «Тхылъ сотх сыкьызыхьэлар кьэстIэщIу. СызэупщIыни сиIэкьым, ди лъэпкъым э ращ нэхъыжьыр. Сэ си тепльэр згъэщIагъэрт, си анэмэ си адэми сарещхьэхьэсыми. КьызэрыщIэкIымкIэ, си адэми ищIакъым лIэужьиплIкIэ зэлъэбэкьымэ зэрыщыдгъэр.

- КьызэрыщIэкIымкIэ, уадыгэщ.

- Аращ. Битоври адыгэ унэцIащ.

Мыр кьызыхэтхар Интернет хьыбарэхщ.

ТхакIуэ цIэрыIуэм кьызыхэжьа лъэныкъуэ теухуауэ жиIэр езым и псалъэмкIэ щIигъэбыдэжьым нэхъ кьыщIэтщтари адыгэм едгъэлейуэ, я нэхъ цIыху гъуэзэджэхэзу дуней псом кьыщащIыхуэхэм щыщхэм «закIэрытщIэу» жызыIэ, уеблэмэ абы фыгъуэ гуэр хэлъу ирегущIыжу зэрызэхэпхыщ. Сыт абы теухуауэ жыпIэфынур?

Ди лъэпкъым фIэкIуэдамрэ дуней хигуэшамрэ лейуэ утемыпсэлъыхьми хьунущ, хуэдэ Iэнатlэхэм йофIэкI.

Пэщlэдзэ школыр къэзыухъуэрэ егъэджакIуэ-гъэсакIуэхэмрэ ягъэхъэзыра нужьрей гуфIэгъуэ зэIущIэ лъныкъуэ куэду гуэщауэ екIуэкIащ. Абы хэтащ цIыкIуэр зэрыщратаджэ дерс-хэр, я къуэхьым зезыгъэжьы джэгукIэхэр, макъамэ-гушыIэ тепльэгъуэхэр. Апхуэдэу сабийхэм удахьэхуэ кьаIуэтэжащ и школ гъащIэм щыщу гукъинэж ящыхьуахэр. «РепортажыкIэхэм ягу ирагъэкIуэжа пшыхьыр адэ-анэхэмэ щIэщIыгъэ зэрращхьуар нэрылъагъуэ, дэтхэнэ зы гъэтхэгъэныгъэрэ Iэгуаущхуэкlэ ихьырт. Зэрыгъэджа илъэсхэм сабий кьэс бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ кьызэрыхуагъуэтар наIуэт - аехр щорп зэхуэдэу икIи жану пэпльэщыт кьыхуагъэув кьызнэхэм.

«Нужьрей уэзджьынэр» зыхуагъэуа еджакIуэ цIыкIуэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ хъуэхъу псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзахэщ «Насып» прогимназие №70-м и гуэдзащIэ Сэвкъуий Розэр гъэсэныгъэ лъжьыгъэхэмкIэ сабий гъэсапIэм и завуч Архэст ФатIимэрэ.

ЗэлущIэм и кIэухыу пэщIэдзэ школыр кьызэрауахамкIэ тхылъхэмрэ зэгъуэу зэтрагъэхуа сурэтхэмрэ цIыкIуэхэм яритыжащ. Пэщlэдзэ школым и завуч Индрокъуэ Светланэ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

● ЦIыху цIэрыIуэхэр

● КъБР-м щыIэ МВД-м

Къулий Владимир и къулыкъ

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министру КъБР-м щыIэ полицэм и генерал-майор Васильев Сергей и унафэкIэ Урысей МВД-м Аруан куеймкIэ и къудамэм и Iэтащхьэу ягъэуващ полицэм и подполковник Къулий Владимир Анатолэ и къуэр.

● Гуауэ

Илъэс 27-рэт зэрыхъур...

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэхьумэ Iэнатlэхэм къалъыхьуэ дыгъуасэ сыхьэт 11-рэ дакъикъэ 35-м Налшык къалэ КъБР-мкIэ МВД-м и УГИБДД-м и гъэзэгу-пльыр щыльыкъым и лажьакIуэ, 1985 гъэм къалъхуа полицэм и лейтенант Мэшыкъуэ Борис Іэщащкlэ теуа бзаджащIэкъэр.

ІэщIэ уэ макъыр кьыщIыуам ар «Лада-Приора» и автомашинэм исащ. Полицэм и офицерыр кьыбгъэхуа уIэгъэхэм кьелакъым.

Республикэм «Вулкан-3», «Перехват» лэжьыгъэр щокIуэкI. БзаджащIэхэм здаунэтIынкIэ хьуну гъэгухэр зэхуащIащ.

КъБР-мкIэ МВД-м и УГИБДД-м и гъэзэгу-пльыр кьулыкъум и лажьакIуэ, полицэм и лейтенант Мэшыкъуэ Борис 1985 гъэм щыщыIэм и 13-м къалъхуащ. Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ Іэнатlэм 2011 гъэм накьыгъэм и 20-м лэжьэн щыщIидзащ. Иужьрей кьулыкъум нэгъабэ щэкIэгъэуэм и 1-м пэрыуващ. Фызыхэмышэт.

...Алим тIэкIу нэхъыжьт

Кьыкlэлъыкlуэ щIэпхъаджагъэ а махуэ дыдэм Тэрчокъуэум и уэрамым щалэжьащ.

УРЫСЕЙ Федерацэм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыщым и пресс-Іуэхущапlэм щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, мэкъуаугъэуэм и 1-м сыхьэт 13-м Налшык къалэ Тэрчокъуэм и уэрамым псэунэ уэнэ №20-м и щIыхьэпIэм деж Следственнэ Іэнатlэм мыхьэнэ хэха зиIэ Іуэхугъуэхэр зэхэгъэкIыныкIэ и кьудамэ №2-м и следователь юстицэм и лейтенант Взорокъуэ Алим и къудамэ ар и «Лада-Калина» автомашинэм кьыщагъуэтыжащ.

Взорокъуэ Алим Мухьэмэд и кьуэр 1981 гъэм гъатхэпэм и 31-м къалъхуащ. 2010 гъэм Урысей Федерацэм и Следственнэ Комитетым лажьэн щыщIидзащ. Иужьрей кьулыкъум мы гъэм пэрыуват.

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм Хьыбархэмрэ жыжьагъуэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и Iэнатlэ.

Сабийхэрщ ди къэкIуэнур

● Псапэ

Пэщlэдзэ еджапIэр къаух

Налшык дэт «Насып» прогимназие №70-м и пэщIэдзэ школыр къэзыух цIыкIухэм я гуфIэгъуэ пшыхь зэхэтащ.

КъАПщTЭМЭ, мы сабий гъэсапIэ-школыр ди къалащхьэм щынэхьыфIхэм хабжэу илъэс куэд щынэдэрэ кьокIуэжьi. Гъэсэныгъэ-щIэныгъэ лъабжьэ быдэ зэриIэм и мызакъуэу, абы кьыщагъэсэбэп нужьрей егъэджэныгъэ мардэ нэхъ купщафIэхэр, «Насыпым» кьекIуалIэ цIыкIуэр сыт щыгъуи жьыджэру хэтщ республикэ, зэрыщIэныгъэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, Парламентым, Спортым, туризмымрэ курортхэмкIэ и министрствэм тыгъэ лъапIэхэр кьратащ. КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Гертер Иван зэIущIэр кьызэзыгъэпэщащэм идкIыри зэ фIыщIэшхуэ яхуищIащ.

Федерацэмкlэ Советым хэт **Къэжэр Альберт** жиIащ ди щIыналъэм и щIыуэпсым Iэмал кьуэуэрытхэр, илъэсым и кIыхьагъкIэ мыбы туристхэр кьебгъэблэгъэну. Абы кьыхигъащIащ Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зы-гъэпсэхупIэхэм зегъэужьыным теухуауэ кьэралым кьыщащтэн хуей хабзэхэр пхыгъэныным Федерацэмкlэ Советыр яужь зэритынур.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

«ПхъащIэм сохъуапсэ»

ТхакIуэ Битов Андрей властым и теплъэщIэмрэ тхылъ еджэным пыщIа гугъуехьымрэ теухауэ

«Япэм кьыдэбгъэкIыу ямыцэ тхылъхэм литературэм и пщIэр кьиIэтыр. Мы зэманым зыми зыри паубыдыркым, ауэ гъэщIэгъуэн ящыхьун щымыIэжым хуэдэщ папэнжагъэ гуэр кьамыгупсысмэ», - жеIэ тхакIуэ цIэрыIуэм.

БИТОВ Андрей иджырей классикщ, КъухьэпIэми апхуэдэущ ар зэрыщыщалытэр. ТхакIуэр нэгъуэщIхэм кьаззэрыщыхьэщыкIри гъэщIэгъуэнщ: «СССР-м и альпинист» (илъэс 16-м кьыхуагъэфащауэ, европей интеллектуалхэм «Гулливер» зыфIаща я зэгухьэныгъэм и вице-президентщ. Ереван щIыхь зиIэ и цIыхущ (езыр кьызэтехьукIар адыгэхэрауэ жиIэмэ). Иджыблагъэ ар илъэс 75-рэ ирикъуащ.

- Андрей Георгиевич, литературэмкIэ саугъэт куэдым уи унафи зэрыхэлъым тызощIыхьри, сыт хуэдизрэ тхылъ уеджэн хуей абы щхьэкIэ?

- Ущыуащ. Сэ я Iуэхумкlэ сыхуэмыхущ. Анекдот гуэр щыIэщ, чукчэр еджэркым, тхэуэ фIэкI, жиIэу. Тхэм джежI еджэнымрэ зэрыщIэ. Ауэ, пэж дыдэу, сэ мащIэщ сызэрджэр. Абы щыгъуэми гугъу сехьу, хуэм дыдэу. Ауэ псынщIэу сотхэ, пэжщ, ари кьуэдрэ зэхьуркъым. Сэ сызэрепльымкIэ, тхылъ еджэн зи фIэфIыр тхакIуэм йофIэкIыр. Аращ, сэ абы хэм сащыщу сухуэзыжнукъым. Ахматовэ Анн захуэт тхылъ еджэныр щIалэгъуэм епхауэ кьызэрилытэмкIэ. Сы сызэрджэр си акъылым кьиубдращ. Кьытезгъэзэжу седжэуи си хабзэкъым. Сыт хуэдэ кьытегъэзэж, мыпхэдиз сызэмыджа щыIэу? Сэ сыщIохьуэпс «Евгений Онегин» и кIэм нэс седжэжьну. Пушкин Александр итха псом еджэжар хэт? Е Толстойм? Литературэмкlэ, Пушкиным и гъащIэмрэ лэжьыгъэмрэ джыныкIэ щIэныгъэлIэхэра? Си фIэщ хъуркым. Толстойм и «Хаджи-Мурат»-р къэсщтати, и кIэм нэс седжэфаным. Гуп-сэхуГуэ кьыхэсхьу кьыщIэкIынукъым куэд щауэ ятхам. ЯтхагъащIэхэм щыщ гуэрхэм сыдихьэхыу соджэ.

- Уэ пщIэуэ кьыщIэкIынщ уи прозэр гугъуу, элитарнэ зэрыжаIэр. Гъуэзджэр щыхубгъэр элитэмрэ теухуауэ уэри бгуэшр?

- Шекспир и пьесэхэм кьытращIыкI спектаклхэр кьалэ утхэм щагъэльапъэгъуэу щытащ. Абы кьикIр ар дэтхэнэ зыми кьыгурыIуэу, бзэм хуэгъэзащ? Гъуэзджэр - и купщIэкIэ элитарнэщ.

Iуэхур зытетыр мыращ: цIыхубзм эздащтауэ жыхуаIэм зыри тепщIыкъ хьунукъым, апхуэдабзэщ рейтингри. УщIэтхэнэр тхылъкIэ зи зэш тезыгъэуракъым, атIэ зыщIыхьуэжьну, зызыхьуэжьну куейм щхьэкIэщ. Апхуэдэм и псалъэращ, тхыгъэр кьызэрыщыхьэараща тхыдэр зышIэр абы щыгъуаззэщи. Дэ кьызыщIэтхъуэжьи, кьэтщIыхуэн хуейр апхуэдизкIэ куэдщи, дыдыкIэм щIызыткIэрытщIэн щхьэхуэсытгъуэ дызэрымыIэр хэт джежIи гурыIэгъуэщ. Араща абы теухауэ зэжIэ кIэщу жытIэнур.

Андрей и зы интервьюм щыжеIэ СССР-р щыщцIам кьэралыгъуэшхуэр кьызэхихIуэхьну, псом хуэмыдэу нэхъ щIыпIэ хуабэхэм щыIэну фIэфIу зэрыщытар. Кьыхегъэщ абы и пшыкъуэкIэ Курржым пищI зэрыщымыIэр.

*Журналистыр абы и щхь

● Дифі догъэтъапІэ

Къущхьэунэ Алексей Шагьир и къуэр Тэрч районым хыхьэ Урожайнэ (Абей) къуажэм 1942 гъэм мэлыжьыхьым и 12-м къыщалъхуащ. Къуажэ школ нэхъыбэм абы кынухащ ухуакІуэхэр щагъэхъэзыруу Налшык дэт техникумыр. А ІэщІагъэм ильэс зыбжанэкІэ ирилэжьа, иужь, тхэным гу ауэзыщІа Къущхьэунэр КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым щІэтІысхьащ.

1966-1972 гъэхэм район, республикэ газетхэм, телевиденэм, ВЛКСМ-м и обкомым щолажьэ. 1972-1976 гъэхэм «Советская молодежь» газетым и редакторщ. ИужькІэ КПСС-м и ЦК-м и парт школ нэхъыщхьэр кынухащ, 1978-1982 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и инструктор, кІудамэм и унафэщІ зэрыщытхэм ящІэ. 1982 гъэм щегъэжьауэ республикэм телевиденэмрэ радиомкІэ и къэрал комитетым и тхьэмадэм и кІуэдзэщ. 1987 гъэм ар ягъэуф Литфондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщІу. Къэбэрдей-Балъкъэрым урысыбзэкІэ тхэ тхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм 1994-1995 гъэхэм тхьэмадэу щытащ. Къэрал Думэм и депутатым и дэІепыкъуэгъуу, ди республикэм ЩэнхабзэмкІэ и министерствэм и кІудамэм и унафэщІу лэжьащ.

Къущхьэунэ Алексей 1961 гъэм щегъэжьауэ и тхыгъэхэр дунейм кытохьэ. Ахэр щІэх-щІэхыурэ кытотхуэ «Смена», «Дон», «Сельская молодежь», «Знаменосец», «Литературная Кабардино-Балкария» журналхэм, нэгъуэщІхэмэ. Къущхьэунэр ТхакІуэхэм я союзым 1979 гъэ, Журналистхэм я зэгухьэныгъэм 1972 гъэ ІыдэрэІэ хэтщ.

Алексей и кІалэмыпэм къыщІэкІащ документальнэ фильмхэм я сценарийхэр, уэрэд зыбжанэм я псалъэхэр. Къущхьэуэм и тхьэмадэм щыщІэкІа прозэ тхылъу 11 Налшыкрэ Москвэрэ къыщыдэкІащ. Абыхэм ящыщ «Год до весны» (1974), «Наводнение» (1979), «Вагъуэбж» (1981), «Всадник на белом коне» (1982), «Счастливая пора» (1983), «Повесть» (1988), «Дождь и солнце» (1990), «Унаут» (1990), «Сауна» (1993), «Лица кавказской национальности и другие» (1997) жыхуиІэхэр, и ныбжьыр илъэс 70 щрикъу мы гъэм дунейм кытеуба «Зимние яблоки» (2012) тхылъыр.

Алексей и тхыгъэхэр зэрадзэкІащ абхъаз, куржы, украин, осетин, шэшэн, финн, мэжэр бзэхэмкІэ. Къущхьэунэм и творчествэм теухуа псалъэ гуапэхэр жызыІахэм ящыщ КІыщокъуэ А., Кулиев Къ., критикхэу Сокъур М., Дементьев В., Полухинэ Л., Алиевэ С., нэгъуэщІхэри.

КЪУЩХЬЭУНЭ Алексей:

Си къулеягъ нэхъыщхьэр си къуэрылъхуэрщ

КІыщокъуэ Алим, Къущхьэунэ Алексей, Капустин Михаил, Сокъур Мусэрбий сымэ «Вид с белой горы» фильмым елэжьу.
Сурэтыр 1984 гъэм трахащ.

Тхакіуэ, журналист Къущхьэунэ Алексей и псалъэ щІэдзыкІакІуэгъэ я деж нэтхьэсмэ ди гуапэу, депсэлъылащ, кьыджІалхэм фыщыдогъэгъуэзэ:

- Зэрыхабзэу, псыпэрэ япэ зи гугъу ящІри, уи кьежьапІэм кьытхутепсельхьыт, Алексей.

- Куэдрэ щІыхуэхр кьызоупщІ урысыбзэкІэ сытхэн хуей щІэхьуамкІэ. Мис абыкІэ кьыщІэздзэмэ, сфІэзахуэщ.

УФ-м педагогикэ щІэныгъэхэмкІэ и академием кьыбгъэдэкІыу «Къуажэ щколхэм урысыбзэр зэрыщаджкІэ» тематикэмкІэ ди школым щыдакьэрт Бэрэгъун Мурэмэд. Ди республикэм ЕгъэджэныгъэмкІэ и министерствэм и лъэІукІэ, ар хуит ящІат экспериментальнэ класс кьызэригъэпэщыну, дерс псорн урысыбзэкІэ ирагъэджу. Ящ класс хъуа дэри абы дыхэхуащ. Адыгэ кьуажэм дэнэкІи щІыхьэхэпх анэдэлъхьыбзэм емыщхь урысыбзэр тфІэгъэщІагъэу энт, дыдэрыдэІэпшами пцІы хэлътэкъым. Арагъэнщ урысыбзэкІэ сытхэн щІыщІэздзар.

Ящэ дыдэу си тхыгъэ, «Поезда» рассказыр, 1962 гъэм кьытехуащ «Пионерская правда» газетым. ИужькІэ си тхыгъэхэр «Советская молодежь» газетым традзэу хуежьащ. Еанэ классыр мин 30-м щІыпэблагъэр, газетыр яхуэзэрыри, Налшык сыкъэкІуащ, ухуакІуэ техникумым сыщІэтІысхьащ. ИужькІэ сыщеджа университетым и апэ курсым сыщІэсу «Кабардино-Балкарская правда» газетым тет езыгъэблагъэ тхыгъэр кьызолъагъу. МГУ-р кьэзыхуэу кьэжьуэжагъащІэ Мэлбахъэу Елбэрд щыІыкІ, лэжьакІуэщІэхэр кьащтэн щхьэцыІэ зэманым. ЖэуапІыныгъэшхуэ пылът а Іуэхум. Сыт зэмани тыншкьым фІыуэ тхэ щІалэгъуэм кьэбгъуэтыну. Гугъу дехьами пцІы хэлъкьым, ауэ а кьалэным тэмэму дыпэлъэщауэ кьызолытэ, Іэфіуи си гум кьынащ.

ТІэкІу ІэнатІэ щхьэкІэ кьыщыт хуэдэу кьыщпцІыхьуми, редакцэм сызэрыщылажьам мащІэ куэдми епхащ кьызэхуІлІауэ кьэслытэ си тхыгъэхэр зэрыщыІыкІ. Сыт щІагъуэ кьыщІэхьуІлІауэ кьэслытэ си тхыгъэхэр зэрыщыІыкІ. Сыт щІагъуэ ящІ ди дзэпкъитІ зэрыщыІыкІ. Сыт щІагъуэ ящІ щІэныгъэ, ІэшІагъэ, ІэшІагъэ, ІэшІаг

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Оксанэ и зэфIэкI

Зи IэщIагъэр фIыуэ зыльагъу, зи дэжьыгъэм гурэ псэкIэ бгъэдэт цыхуращ абы екъулIэныгъэ щызэIэнур. Апхуэдэ бзылъхугъэ щыпкъэщ Тырныауэ кьалэм дэт курыт школ №3-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ Къуэдзокьуэ Оксанэ.

● Щапхъэ

ОКСАНЭ Къулькъужьи Ипщ къуажэм къыщыхъуащ, абы курыт еджапIэ кьыщиухри, КъБКъУ-м и педколледжым щеджащ. Мы зэманым ар КъБКъУ-м и Филологиемкlэ и институтым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кьудамэм и 3-нэ курсым щэсщ. Зэрелджэм хуэдэуэрэ лажьэ пщащэм Iуэхугъуитlми зыщыщIригъэзыкъркъым, уеблэмэ фIы дыдэу йохъулIэ.

2011 гъэм и фокIадэ мазэм Оксанэ лэжьэн щыщIидзащ Тырныауэ кьалэм дэт курыт еджапIэ №3-м и кIи апэ махуэхэм щегъэжьауэ и Iэзэгъыр зэрыжесыр наIуэ къэхъуащ. Абы сабийхэм я гур псынщIэу кьихьэхуащ икIи зыхуригъаджэм дригъэхьэхащ. Апхуэдэу Къуэдзокьуэм и гъэсэныгъэ Багъ Миланэрэ Батыр Оксанэрэ зэфIэкI лъагэхэр кьыщагъэлъэгъуащ адыгэ усыгъэм и классик Щоджэнщ Iыгъ Алий и цIэкIэ екIуэлIа республикэ зэпеуэм. Абы иригъаджэхэм олимпиадэхэм бжьыпэр щаубыд, ахэр зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэм сыт щыгъуи кьыщыхохэа-нык.

ПЩЫХЬЭЩIЭ Хьэмзэт.

● Фи лъэIукIэ

Сыт пхуэсщIэнур, сигу...

Уэрэд

Псальэхэр Бещтокъуэ Хьэбас, макъамэр ХэIупэ Джабрэилэ яйщ

Сыт пхуэсщIэнур, сигу, усфIэтхьэмыщкIэщ.
Сыт Iэмалкlи са уэущинт?
СиIэжамэ зыгу сэ уэр нэмыщкIкIэ -
Хуит усщIынти, уэутIыпщыжынт.

Сыт пхуэсщIэнур, сигу, усфIэгуэныхьщ уэ,
КъэзекIкI мы си бгъэм уцопсэу.
Сырыкьэшхыу лIагъэм сэ зеэзгъэхьми,
Имыщ1эхкэ дызыхуейм а псор.

Уэ узыхуэпабгъэр умыштагъуми,
И гъунэгъу хуэдэ уэрэмэ, упсэхунт.
Е насып умIаиэ, фIыуэ пIыбгъум
И гум убгъурылъу укъалъхунт.

ЩОМАХУЭ Залинэ

ПситIым я уэрэд

Прозэу тха усэ

- КЪЫЗЭДАIУЭТ, едаIуэт си макъ пхуэсщэщIам, ар унгу ирохьыр, пэжкъ? Кьыбгурылуэ кьыщIэкIынкъым бжесIэр, лъагъныгъэм и уэрэд зэрыпхуэзуэсыр. Ар уэрэдыщIэщ уэр фIэкI зыми и пэкIэ зэхимыхуэх, ныжэбэ сымыжейуэ пхуэзуасуэ. Ар гум кьиIуэкI макъымэщ, кьедаIуэт пхуэзуа уэрэдым. Кьыбгурылуэркъым, ауэ уэ уощIэ ар фIы гуэрым зэрытеухуар, уфIэфIщ пщэдджькъкIэ си суэрэлъу уэ ныжесIэуэрэ укъэгъэушым. Сыбгъэгъуркъым, сэри узужэгъуркъым, зэщIэщыгъуэу мы дунейм дытетщ. Си уэрэдырщ тIури дыхэпыщIэр. Е кьабзагъэ кьытхильхьара?.. Дызэщхьщ дэ уэрэ сэрэ куэдкIэ. ЗэпэIэщIэ дыхьэмэ, догужьей. Догужьей, зыгуэр сымаджэу зэхэтхамэ, тфIэфIкьым ер щытекIуэмэ мы дунейм. СощIэ, тIуми мы дунейм дахагъэр дэ щытедгъэкIуэнт.

ПхуэсщIэнут сыгри, схуэхьIамэ, сэ кьаруу ипь ипэпкьым сыщымысхьу уэ ныббгъэдэслъхьэнт. ФIы куэд пхуэфащэщ уэ. Си жагъуэхунущ, ар зэхэзыщIыкIын кьыппэщIэмыхуэмэ. КьыхэзаIуэт, едаIуэт мы си макъамэ щIэрыпсу уэр щхьэкIэ сыусам. Ныжэбэ жэщ псом сымыжейуэ, сэ гугъу зезгъэхьу пхуэзуасм! Уэрэд усыныри сэ сыкъыхэзыхуэгъэщIар. Тхьэмахуэм махуэу хэтым я зырыз сэ пхуэзуасынщ. Сыщхьэхьанкъым, укъызогъэгугъэ. Иджы уэращ сэ сыщIэпсэуэр, уэращ щызиIэр сэ мы гъащIэм. Кьахощыр ар си уэрэд куэдым, нэгъуэщI зыгуэрхэри щIыгъужу. Ар дэ ди ПситIым я уэрэдщ...

Си жагъуэ хъур зыщ, бзум я бзэр уэ кьызэрыбгурымыIуэрщ.

- Кьызжеlэ, уемызэшу уэ кьызжеlэ уи гущIэм кьипхыу зэхэпхьа уэрэд. Пэжщ, ар кьызгурылуэркъым акъылкIэ, ауэ сэ псэкIэ зыхьзощIэ абы иI э кьарур. Кьызжеlэ, сыкьызэралъхуэр сызыщIэхьэпэс щхьэхуитныныгъэ зиIэ бзум уи уэрэд дахэр? - йолъIу бзум хьыджэбзыр. - Сэри бзуэ сыкьыгъщIатэмэ, си лъакъуэхэр абы щыгъуэми мыпхуэдэу кьыздэмыбзу щытыну пIэрэт? - йогупсыс хьыджэбз Iэрызехьэр...

Иугъэпжащ усакIуэ бзум и псальэр, пщэдджьжь кьэс уэрэдыщIэ жриIащ. ИлъэкIэ бзум имыщIэу жей жьхуаIэр гуфIэжу и уэрэдхэр иусащ. Иусыну кьыщIэкIынт абы иджыри уэрэд Iэджэ, ауэ ажалыр ар зыхуиусым кьыщепхъуэм, и гуфIэ уэрэдыр гъыбзэм уэркIуэжауэ, кьэдрэ щхьэгъубжащхьэм тесащ. Куэд мыщIэу кIуэджащ бзу щыкIур. ЗэрыжаIэмкIэ, ар мэз хуитыщхъуэм кIуаеу, абы зэчырир ину кьыщрешI...

● Лъэпкъ щхьныгъуэхэр

Балыджэ зэхэупщIэта, джэдыкIэ хэлъу

БАЛЫДЖЭР зэхащыпыкI, икIри и пэм пытри паупщI, псы щIыIэкIэ ятхьэщI, хъурей пIащIэ щIыкIуурэ яупщIатэ, хьэкъущыкъу мыулъыйм иралъхьэри, и щхьэр трапIэж. ДжэдыкIэ вынщ гъэвар ягъэупщIыIури кугъуэр кърах, абы шыгъу траудэри яущэб, шатэ Iув халъхьэри, фIыуэ зэIащIэ. ДжэдыкIэм и хужьри яупщIатэ.

Балыджэ упщIэтам шыгъу хадээ, зэIащIэуэрэ джэдыкIэ кугъуэ ущэбар, джэдыкIэм и хужь упщIэтар, шыбжий сыр хьэжа халъхьэ. Псори зэIащIэ, и щхьэр трапIэжри щIыIапIэ деж ягъэув дакъикъэ 15 - 20-кIэ, нэхъ зэхэшпсыхьын щхьэкIэ.

Апхуэдэу ягъэдия балыджэ упщIэтар тепщэн щIыкIум иралъхьэ пIинэу, бжьын щIынэ зэпыгъэлъэлъа трагъэущэщ. ЩIакхъуэ, чыржын, дзкъуэ, кIэртIоф гъэва, кIэртIоф пIастэ дашх.

Халъхьэхэр (щIыхуищIыхьэ): балыджэу - г 400, джэдыкIэу - 3, шатэу - г 200, бжьынищIэу - г 100, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къэтхъыжащ.

● ЖыIэгъуэхэр

Дэнэ гугъэр здэщыIэр?

- Цыхьум Iэщыбё ищIа сыт хуэдэ хьэпшыпми занщIэу зеиншафэ кьытоуэ.
- Гугъэр здэщыIэр къэкIуэну зэманырщ, аращ дэ абы дыщыхуэпашIэри.
- Фадэм игъэудафэрэ фы-щIэ пIэнэреймэ, адыгэлIу пльытэж хъунукъым.
- Насыпыфlэр гуфIэ нэгуэщи, насыпыншэр гъыбгнIуц.

КIУРАШЫН Алий.
Хьэтохъуащкъуей къуажэ.

● ЖыIэгъуэхэр

Псалъэзэблэдз

Екlуэкlыу: 1. Хьыджэбз цIыкIуэхэр зэрыджэгу хьэпшып. 5. Нахьыгъэ мазэм гъагъэ, хужь Iэрамэхэр кьызыпидзэ жыг. 8. Нэщ исым и пщэдджыжьышхэ. 9. Цы щабэ зыгъет, псым хэс псэущхьэ. 10. Зи зэхэщIыкIыр мащIэ, щхьэдыкъ. 13. Нартыху хьуманIэ. 16. Яныныкъуэ пхъащхьэмыщхьэхэм я кум ильщ. 20. Мыин-мыцIыкIу, курыт. 21. Нартыхур бгъэзльалъэмэ, ар кьоиэ. 22. Хьэкъущыкъу. 23. Зи мылькур егъэлеяуэ зэхьэгъэзахуэ. 24. Ильэс зы-тIу зи ныбжь щыIэ. 27. Щхьэц зыемытыж щIыху. 28. Фэм псы дищIэу кьэушырыба щIыпIэ. 30. УсакIуэ, уэрэдус Джэдгъэй Борис, адыгэ театрым и артист гъуэзэджэу щыта Иуан Владимир сымэ кьыщалъхуа, Тэрчокъуэ Кьамболэт щIрыIуэ щыхьуа кьуажэ. 31. Гъатхэм щасэу къэлъэтэж кьуалэбзу. 35. Ди республикэм пэгъунэгъу кьалэ. 36. Джэдум сабийхэр апхуэдэуи йоджэ. 37. Адыгэ лъэпкым и тхыдэр ... жьажьхэм кьыщохьэ. 38. Зыкъом, зыбжанэ. 40. Муслымэнхэм я ... суд. 42. Анэкьилъху. 43. Тенджыз ин дыдэ. 44. ЩIакхъуэм и фэ тежьыкIар. 46. Жыг къэтIипIам и нэщнэ. 51. Зи нэхъам фIыуэ ямылъагъу. 52. Кьэгубжьауэ нэгъуэщI унагъуэ зэрыщIэльадэм апхуэдэу йоджэ. 53. Псым адэкIэ кьыщыль щIы.

Накьыгъэм и 26-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: 3. Тощ. 7. Ашэмэз. 8. Кьандес. 9. Дыркъуэ. 10. Хъарбыз. 12. ХьэпащIэ. 14. Жьей. 16. Лъэужь. 18. Кьыщхъэ. 21. Нэпкъ. 24. Хасэ. 25. Анэл. 26. Абгъуэ. 29. Кьэуал. 30. Аркъэн. 31. Арджэн. 34. Хъурмэ. 35. Жьауэ. 36. Гулъэф. 38. Уадэ. 39. Арму. 40. Лэгъуэ. 42. Пзу. 45. Сэджкъэ. 47. БжьIулъэ. 49. Пшынэ. 50. Факъырэ. 51. Бльщхъэ. 52. Гъуэгу.

Къехму: 1. Малъхъэ. 2. Хьэсы. 3. ТхIибжь. 4. Щыкъуей. 5. Шагъ. 6. Асфальт. 13. Балькъ. 13. Пхъэ. 15. Хьэщхъэбылъэ. 17. Уанэ. 19. Щыгъуэ. 20. ПсыхэIуадэ. 22. Елыркъэщ. 23. Фадэбжьэ. 27. Нал. 28. Гъурц. 32. Гурыт. 33. Щхъэ. 37. Фагъуэ. 38. УпщIэ. 41. Псафэ. 42. Пэшэгъу. 43. Уанэгу. 44. Iэдэм. 46. Кьарэ. 48. Жьлэ.

● Къуажэхьэр

Псы зымыдэ данагъуэ

- Ди щхьэгъубжэ дыщэ тхьэгъу кьыдопль.
- Уеджэмэ, кьоджэж.
- Зэпищ зы пыIэ щыхъырыгъщ.
- Псы зымыдэ данагъуэ.
- Ди пщIантIэ щоудж, ди Iэнэм тоджагъэ, быныр егъэгуфIэ.

Жуаныхэр:

Литературнэ Iэмэпхэмэхэр
Бечо Хьэфэ щIэ Iуэхуэр

Псынщ1эрыпсалъэхэр

Дыгъэ къепсым сыкъригъэпсри

Мыщэр пэщащэу
Мыщэхупщейм дэпщейри,
Нэхущым къепщыхьыжащ.

Дыгъэ къепсым сыкъригъэпсри,
Си нэпсыр ткIуэпс-ткIуэпсу кьыщIигъэтъэтащ...

Мейм мищэ щыпыщэщым
ЩIэщэща пщIащэм мыщэ щопэщащэ.

Бжьахъуэм и пыIэр хуэбыхъущ,
Бжьахъуэм и вакъэр хуэмыхъущ.

● Псальэжьхэр

Iуэху зи куэд шыгъэджэгу ещI

- Гуащэм и хабзэр нысэм и бзыпхъэщ.
- Уи гъунэгъу умыуб, уи благъэщIэ ущымытхъу.
- НитIрэ пэт зэхуэдэжьым.
- Ныбэм и лажьэр IуэтэжьыгъуафIэщ.
- Пщэдджьжь хьэщIэ гъэхьэщIэтъуафIащ.
- Iуэху зи куэд шыгъэджэгу ещI.

● ГушыIэ

Щхьэ укъызэупщIрэ-тIэ?

МЭЗ кьикIыжрэ пэт, Хьуэжэ зылI кьрихьэлIащ.

- Дэнэ щыIа, Хьуэжэ? - кьеупщIащ лIыр.

- Мэшых сыщыIащ, хуккъуэ кьызэоIэ, - жиIащ Хьуэжэ.

- АтIэ уи гум ильыр пхъэ: мэз ущыIа хъунщ, - жиIащ лIым.

- Си гум ильри мэз сызэрыщыIари щыпщIэкIэ - емынэм уэзрихуэрэ, щхьэ укъызэупщIрэ-тIэ? - жиIащ Хьуэжэ.

Гъэсэныгъэр и лъабжьэу

«Нюр» журналым и щIэджыкIакIуэ цIыкIуэхэр ильэ щэщI хъуауэ и псыс1 гъэщIэгъуэнхэмкIэ, уэс дахэхэмкIэ, суэт хьэлэмэтхэмкIэ егъэгуфIэ. Зы щIэблэкъым а псом щIапIыкIари. Абы и махуэшхэр гъэльэпIэным теухуауэ республикэм и курыт еджапIэхэм щокIуэкI литературэ-макъамэ пшыхьхэр.



«Нюр»-м и редактор нэхъыщхьэ Мусукаевэ Сакинат *(нжьымкIэ)* тыгъэхэр егуэш.

● Пшыхьхэр

ТЫРНЫАУЗ кьалэ дэт курыт еджапIэ №6-м иджыблагъэ зэхьыхэ щекIуэкIащ. Пшыхьым и хьэщIэ лъапIэт республикэм и тхаIуэхэр, усакIуэхэр, журналистхэр.

Курыт еджапIэм и унафщI Селяевэ Любовь кьежьащIэ. ЛIахэм фIэхьыс псальэкIэ захуигъэзащ икIи къыхигъащащ щIэблэр гъэсэныгъэ журналым мыхьэнэшхэу зэриIэр.

КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Шаваевэ Разият пшыхьым кьекIуэлIахэр хигъэгъуэзащ щIэджыкIакIуэхэм папщIэ «Нюр»-м зэхуиблэ Iуэхугъуэхэм. «Нобэр кьыздэсым, журналым гулъытэ хэха хуещI къатхэхэр тригъэгушхуэным, кьалэмыр я Iэпэгъу ищIыным», - жиIащ Разият.

«Нюр»-м щIэх-щIэхьыурэ ирегъэкIуэкI сурэтышI щIыкIуэхэм я Iэдакъэщ1экIэхэм я гъэльэгъэныгъэхэр. ЗэрыжьатIащи, журналым и Iуэхугъэгъэзащ щIэджыкIакIуэхэм папщIэ «Нюр»-м зэхуиблэ Iуэхугъуэхэм. «Нобэр кьыздэсым, журналым гулъытэ хэха хуещI къатхэхэр Балькъэр усакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ Жангуразовэ Лизэ кьызэрыхигъэщамкIэ, щIэблэм псэкупсэ кьулей иIэн папщIэ, сабий журналым куэду къеГъэсэбэн балькъэр льэпкым и Iэрэ Iуатэр.

Пшыхьэр ягъэдахэу школакIуэхэр усэхэм кьеджащ, театр теплъэгъуэ кIэщIхэр ягъэльэгъащ.

ТАРИМ Алисэ.

НапжIуэнIыр зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иэщ.

Псалъэзэблэдз

54. Тхылъым и «джан»-ев. **55.** ХадэжкI.

Къехму: **1.** Жыг къудамэр трауплъыкIа нэужь кьыхэнэ Iэпапlэ. **2.** ГуащIэдэкI Лъэшгъэм и Лыхъужь ... Iэхьед. **3.** Муслымэн лъэпкьышхуэ. **4.** ЩIыху фIэкIыпIэнщэ, бзаджэ. **6.** Фадэ гуащIэ. **7.** Къэбардей-Балъкъэрым и щIыхуэз хуэдожик. **11.** Псы Iуфэ чыцэхэм, мэкъупIэкъэ щIыпсэу кьуалэбзу цIыкIу, щIагъуэу мыльэтфу. **12.** Аруан районым щыщкъуажэ. **14.** Улахуэ, дзжьапIэ ... **15.** Хадзхэщ. **17.** ЕгъаджакIуэ, ГуащIэдэкI Лъэшгъэм и Лыхъужь. **18.** Лъахъшапlэ щIыпIэ. **19.** Кьэзышам и благъэщIэ. **25.** 1968 гъэм екIуэкIа Олимп Джэгухэм пыкьуарыгъажжмкIэ чемпион щыхъуа Шыхьуэ ... **26.** Бжьнифэм кьыхащIыкI Iуданэ. **28.** Дыгъэ кьыщIэкIыгъуэм уафэм кьыщищI плыжьыгъэ. **29.** Бгыпэ, нэпкъ. **32.** Адыгэ лъэпкъ. **33.** Бырыб, зэкIэщIэпхъа. **34.** Дэрбэзэр Iэмэпсымэ. **39.** Улажьэмэ ... пшхынщ, умылажьэмэ, лажьэ бгъуэтынщ. **40.** Унагъуэ псэущхэ щыхьзыфIэфI. **41.** Адыгэ уэрэджыIакIуэ, Урысей Федерацэм и цIыхубз артист. **42.** Без гъовжжа. **44.** Бдзэжьей эрещэ матэ, чым кьыхэщIыкIауэ. **45.** БгъэунщIагъ, гъуэ куу. **47.** Нарт ЩэуеI и адэр. **48.** Нэхъ пасэм адыгэ унэхэм я щхьэр зэрагъэбыдэу щыта. **49.** А унщIэр зэрахьэ: «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхубэ артист» щIэр зыфIащэ уэрэджыIакIуэ тельыджэм; а щIэ дыдэр зыхуагъэфэща джэгуакIуэм; ЩIхьэлIыкIуэ щыщ бзылъхугъэ усакIуэм. **50.** Жьыгыщ1э цIыкIуэхэр Iэзэу «зыхуэхьощI» унагъуэ псэущхэ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Накьыгъэм и 26-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **3.** Тощ. **7.** Ашэмэз. **8.** Кьандес. **9.** Дыркъуэ. **10.** Хъарбыз. **12.** ХьэпащIэ. **14.** Жьей. **16.** Лъэужь. **18.** Кьыщхъэ. **21.** Нэпкъ. **24.** Хасэ. **25.** Анэл. **26.** Абгъуэ. **29.** Кьэуал. **30.** Аркъэн. **31.** Арджэн. **34.** Хъурмэ. **35.** Жьауэ. **36.** Гулъэф. **38.** Уадэ. **39.** Арму. **40.** Лэгъуэ. **42.** Пзу. **45.** Сэджкъэ. **47.** БжьIулъэ. **49.** Пшынэ. **50.** Факъырэ. **51.** Бльщхъэ. **52.** Гъуэгу.

Къехму: **1.** Малъхъэ. **2.** Хьэсы. **3.** ТхIибжь. **4.** Щыкъуей. **5.** Шагъ. **6.** Асфальт. **13.** Балькъ. **13.** Пхъэ. **15.** Хьэщхъэбылъэ. **17.** Уанэ. **19.** Щыгъуэ. **20.** ПсыхэIуадэ. **22.** Елыркъэщ. **23.** Фадэбжьэ. **27.** Нал. **28.** Гъурц. **32.** Гурыт. **33.** Щхъэ. **37.** Фагъуэ. **38.** УпщIэ. **41.** Псафэ. **42.** Пэшэгъу. **43.** Уанэгу. **44.** Iэдэм. **46.** Кьарэ. **48.** Жьлэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зарифэ, Иэтпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

КьыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр



«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и Урам, 5, ешIапIэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къудзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ льэпкъ IуэхуэхьмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмрэ Iуэхущ1апIэхэм ядлежьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ писмохэмкIэ - 42-22-88; етъуджэнагъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм и пэжагъымкIэ ахэр зэтахъэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынкъ и пщэ дыдэщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хунтынигъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №II-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къудзэ Дышэкl Соня, редактор Жылаев Заурбэч, корректорхэр Щоджэн Заирэ *(3, 4-нэ нап.)* Щхьэщымыщ1 Иэ *(5, 6-нэ нап.)*, Пхытlыкl Юрэ *(1, 2-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэлъныкъуэр* Мырэзкъан Фатlимэ, *Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьазыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.100 ● Заказ №1454